



Pou Piblikasyon Imedya: 14/02/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ELAJI AKSÈ AK SWEN SANTE MANTAL POU 200,000
ETIDYAN SUNY**

10 milyon dola pou sipòte sèvis sante mantal elaji nan 28 kanpis SUNY

***Finansman yo bay kanpis piblik SUNY yo gras ak ogmantasyon pou
fonksyonman istorik 163 milyon dola ane sa a***

Fèy enfòmasyon ki dekri inisyativ kanpis la disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kijan kanpis Inivèsite Eta New York (State University of New York, SUNY) yo ap investi prèske 10 milyon dola nan finansman anyèl Eta a pou ogmante sèvis sante mantal yo ak sipò pou etidyan yo, pwofesè yo ak anplwaye yo. Investisman sa a pral elaji sèvis yo nan 28 kanpis, sipòte plis pase 200,000 etidyan, epi bati sou Rezo Tele-Psikiyatri nan Tout Eta a (Statewide Tele-Psychiatry Network, STPN) ak nouvo opsyon tele-konsej pou kolèj kominotè yo.

"N ap fè envèstisman enpòtan pou asire ke chak Nouyòkè gen aksè ak bon jan kalite sèvis sante mantal", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kolèj kapab yon moman ki bay estrès ak akablan, epi finansman sa a pral elaji sèvis sante mantal sou kanpis kolèj yo pou etidyan yo ka konsantre inikman sou lavi etidyan yo"

Finansman sa a te garanti atravè ogmantasyon istorik \$163 milyon dola renouvlab Gouvènè a ak Lejislati Eta New York la nan èd fonksyonman dirèk pou kanpis piblik SUNY yo ane sa a. Pou mete aksan sou enpak finansman an, Rektè SUNY an John B. King, Jr. te vizite SUNY Oswego ak Kolèj Syans Anviwònman ak Forestye SUNY (SUNY College of Environmental Science and Forestry, SUNY ESF) an jodi a. Nan Oswego, li te pale ak etidyan yo sou sante mantal epi li te rankontre ak konseye ak anplwaye nan Mary Walker Health Center ki te fèk renove a. Sant lan, ki pote non Mary Walker, yon natif Oswego, se sèl fi ki resevwa Meday Onè a, ebèje Sèvis Konsèy kanpis la.

Pou bati sou modèl operasyon konsèy kanpis lekòl la ki depi lontan te nan avangad inisyativ pou SUNY ak edikasyon siperyè an jeneral, SUNY Oswego ap investi nouvo finansman eta li a nan:

- Anboche plis anplwaye pou sipòte etidyan yo, tankou anplwaye ki espesyalize nan bay etidyan ki soti nan orijin majinalize yo swen.
- Antre nan kontra tele-konseye pou bay plis aksè ak terapi ak pratikan ki soti nan divès orijin.
- Pwolonje kontra konseye yo pou yo ka bay sèvis pandan mwa ete yo.
- Yo kapab bay yon ogmantasyon nan peman anplwaye per diem ki ofri sèvis ki nesèsè anpil.

Nan SUNY ESF, anplwaye Sant Konsèy Counseling Center bay sèvis terapi pou etidyan yo, òganize inisyativ sansibilizasyon ak fòmasyon, epi konsilte manm kanpis yo sou fason pou pi byen sipòte etidyan yo epi konekte yo ak resous yo. Pou elaji sèvis yo bay etidyan yo, ESF pral itilize finansman an nan:

- Anboche anplwaye adisyonèl pou sipòte kominote kanpis la.
- Ouganize yon Senpozyòm Sante Mantal pou rasanble anplwaye, pwofesè, ak elèv yo pou yon evènman ki konsantre sou sijè ki gen rapò ak sante mantal.
- Lanse yon pwogram anbasadè kamarad pou ede avèk inisyativ pwogramasyon sou kanpis la.

Lòt kanpis piblik yo pral sèvi ak pòsyon pa yo nan 10 milyon dola yo pou elaji sèvis sante mantal ak sipò tankou:

- Omwen 25 kanpis pral anboche, kenbe, oswa pwolonje kontra pou plis pase 90 anplwaye sante mantal, ki gen ladan sikològ, travayè sosyal, pratikan enfimye sikyatrik, ak lòt anplwaye klinik yo. Anpil kanpis pral kapab ogmante kapasite pa yo pou satisfè bezwen sante mantal etidyan yo lè yo pwolonje èdtan klinik yo oswa lè yo konsantre sou popilasyon etidyan yo sible yo.
- 14 kanpis pral pwofite kontra telesante pou ogmante kapasite epi satisfè bezwen etidyan yo nan ka kriz ak andeyò lè ouèti yo. Kontra telesante yo pral pèmèt tou pou plizyè kanpis konekte etidyan yo ak yon anplwaye klinik ki pi divèsifye, tou de an tèm espesyalite ak demografik.

Rezo Tele-Psikyatri Etidyan (Student Tele-Psychiatry Network, STPN) SUNY an te grandi soti nan kat kanpis ki te itilize sèvis la an 2018 rive 56 kanpis apati prentan 2024. Tout rezo a soti nan SUNY Upstate Medical University nan Syracuse, epi li itilize sikyat, sikològ, pratikan enfimye sikyatrik, jeyonè ka, ak plis ankò. STPN bay etidyan SUNY yo sèvis sikyatrik ak jesyon medikaman prensipalman. Rezo a ka bay etidyan yo dyagnostik, evalyasyon sante mantal, ak entèvansyon Terapi Konpòtmantal Koyitif akoutèm. Depi prentan 2017, yo te wè 2,085 etidyan an jeneral atravè STPN lan, ak anvwon 13,430 randevou depi lè sa a.

Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare, "Sante mantal se sante, epi kòm gen plis etidyan k ap chèche swen sante mantal, nou bezwen la pou yo ak sèvis elaji, tankou gen ase konseye sou kanpis la oswa sou entènèt 24 sou 24 7 jou sou 7. Swen

sante mantal se yon sipò enpòtan pou siksè etidyan yo, epi nou rekonesan pou angajman ak envestisman kontinyèl Gouvènè a atravè kanpis SUNY yo, ki gen ladan 10 milyon dola nan finansman anyèl pou sipò sante mantal."

Prezidan SUNY Oswego, Peter O. Nwosu, te deklare, "Nou bat bravo pou Rektè King ak sistèm SUNY pou atansyon kontinyèl yo bay byennèt mantal ak sipò pou sèvis enpòtan sa yo. Lajè ak pwofondè angajman nou anvè byennèt etidyan yo se yon gwo pati nan kilti kanpis nou an, epi fon sa yo pral pèmèt nou bati sou efò nou yo nan yon fason ki an sante ak sibstansyèl."

Prezidan SUNY ESF Joanie, Mahoney, te deklare, "Pandan n ap kontinye priyore byennèt tout moun ki aprann nan ESF, nou apresye finansman ki pèmèt nou investi nan resous inovan pou sipòte sante mantal etidyan yo. Pandan ke nou pran angajman pou ede etidyan yo navige defi imedya yo, objektif final nou se bay yo estrateji ak konpetans ki kiltive rezistans pou yo ka pwospere pandan eksperyans kolèj yo ak odela."

Manm Asanble Patricia Fahy te deklare, "Etidyan ak jèn nou yo ap fè eksperyans yon kriz sante mantal ki grandi sèlman depi nan fen pandemi COVID-19 la, nan mitan yon mank pwofesyonèl sante mantal k ap ravaje nasyon an pi plis. Mwen kontan wè rekò èd operasyon nou te jwenn pou SUNY ak CUNY ane pase a ap vin amelyore sante mantal sou kanpis yo atravè eta a pou abòde kriz sa a tèt pou tèt. Mèsi Rektè SUNY John King ak Gouvènè Hochul paske yo kontinye investi nan siksè etidyan yo ak swen sante mantal konplè."

Prezantasyon State University of New York

State University of New York, ki te selebre 75yèm anivèsè li an 2023, se pi gwo sistèm edikasyon siperyè konplè nan Etazini, epi plis pase 95 pousan nan tout Nouyòkè yo ap viv nan yon distans 48 kilomèt (30 miles) ak youn nan nenpòt nan 64 fakilte ak inivèsite SUNY yo. Nan tout sistèm nan, SUNY gen kat sant sante akademik, senk lopital, kat lekòl medikal, de lekòl dantè, yon lekòl dwa, pi ansyen lekòl maritim nan peyi a, sèl fakilte optometri eta a, epi li jere yon Laboratwa Nasyonal Depatman Enèji Etazini. An total, SUNY sèvi anviwon 1.4 milyon etidyan nan tout pòtfèy kou ak pwogram kredi epi ki pa mande kredi, edikasyon kontinyèl ak pwogram sansibilizasyon kominotè yo. SUNY an siveye prèske yon ka nan rechèch akademik nan New York. Depans pou rechèch yo nan tout sistèm nan te prèske 1.1 milya dola nan ane fiskal 2022 an, ki gen ladan gwo kontribisyon nan men etidyan ak pwofesè yo. Genyen plis pase twa milyon ansyen etidyan SUNY nan monn lan epi youn sou chak twa Nouyòkè ki genyen yon diplòm inivèsité se yon ansyen etidyan SUNY. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason SUNY kreye opòtinite, vizite www.suny.edu.

###

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)